# Өзбекстанда биринши мәрте монолит жол өткизгиши қурылмақта

Бул жойбарды әмелге асырыўдан мақсет Самарқанд қаласында транспорт инфраструктурасын буннан былай да жетилистириў сондай-ақ, жаңадан бой тиклеп атырған «Samarkand city» аймағына келетуғын туристлер ҳәм ўатанласларымызға қолайлы шараятлар жаратыў болып есапланады. Бул ҳаққында Өзбекстан темир жоллары акционерлик жәмийети хабар бермекте.

Image not found or type unknown

Самарқан қаласынан өткен М-39 автомобиль жолының 1083 километринде қурылып атырған жаңа жол өткизгиш «Өзбекстан темир жоллары» акционерлик жәмийетиниң «Кўприкқурилишлойҳа» унитар кәрханасы сондай-ақ, Россия Федерациясының жетекши қәнигелери менен биргеликте таярланған жойбар тийкарында әмелге асырылмақта.

Image not found or type unknown

Жойбар бойынша жол өткизгиштиң бийиклиги 5,5, узынлығы 110, кеңлиги болса 28,9 метрди қурайды. Бул жойбар толық питкерилгеннен кейин бир саатта дерлик 600 ге шамалас, бир суткада болса 14 мың автомобилди өткериў имканияты жаратылады.

Аўдарма: ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети